

Otorizasyon pou gen Aksè nan Enfòmasyon Pasyan atravè yon Òganizasyon Echanj Enfòmasyon sou Sante

Depatman Sante Leta Nouyòk

NON PASYAN AN :	
ADRÈS PASYAN AN:	
DAT NESANS :	
NIMEWO IDANTIFIKASYON PASYAN AN:	
FOUNISÈ SWEN SANTE:	

Map mande pou yo aksede enfòmasyon sou sante m ki gen rapò avèk swen ak tretman map resevwa, jan sa endike nan fòm sila a. Mwen ka chwazi si mwen vle oswa si mwen pa vle pèmèt Founisè Swen Sante a ki gen non l ki make pi wo a, pou l gen aksè nan dosye medikal mwen yo atravè òganizasyon echanj enfòmasyon sou sante a ki rele NY Care Information Gateway. Si mwen bay konsantman mwen, yap ka aksede dosye medikal mwen ki nan plizyè kote diferan kote map resevwa swen sante, atravè yon rezo enfòmasyon nan tout eta a. NY Care Information Gateway se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi e ki pataje enfòmasyon sou sante moun elektwonikman epitou li satisfè estanda sou konfidansyalite enfòmasyon prive ak estanda sou sekirite ke HIPAA ak Lwa Leta Nouyòk etabli. Si ou bezwen jwenn plis enfòmasyon, ale nan wèbsayt NY Care Information Gateway a nan www.NYCIG.org.

Yo ka aksede enfòmasyon mwen nan ka dijans, amwenske mwen ranpli fòm sa a e mwen tcheke kaz #3, ki endike mwen refize bay konsantman mwen *menm* nan yon ka dijans medikal.

Chwa mwen fè nan fòm sa a P AP AFEKTE kapasite mwen pou mwen resevwa swen medikal. Chwa mwen fè nan fòm sa a PA OTORIZE asirè sante jwenn aksè nan enfòmasyon mwen pou yo kapab decide si yo vle ban mwen asirans sante oswa peye bòdwo medikal mwen yo.

<p>Chwa mwen fè pou Konsantman. Mwen mete YON tchèk agòch chwa mwen fè a. Mwen ka ranpli fòm sa a kounye a oswa alavni. Epitou mwen ka chanje desizyon m lan a nenpòt moman depi mwen ranpli yon nouvo fòm.</p>
<p><input type="checkbox"/> 1. MWEN BAY KONSANTMAN MWEN pou Founisè Swen Sante ki gen non l ki make pi wo a gen aksè nan TOUT enfòmasyon elektwonik ki konsène sante mwen atravè NY Care Information Gateway pou l bay sèvis swen sante (ki enkli swen dijans).</p>
<p><input type="checkbox"/> 2. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN MWEN ESEPTÉ NAN YON KA DIJANS MEDIKAL pou Founisè Swen Sante ki gen non l ki make pi wo a gen aksè nan enfòmasyon elektwonik ki konsène sante mwen atravè NY Care Information Gateway.</p>
<p><input type="checkbox"/> 3. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN MWEN pou Founisè Swen Sante ki gen non l ki make pi wo a gen aksè nan enfòmasyon elektwonik ki konsène sante mwen atravè NY Care Information Gateway, pou kèlkeswa rezon an, <i>menm nan yon ka dijans medikal</i>.</p>

Si mwen vle refize bay konsantman mwen ba tout Founisè Swen Sante ak Plan Sante k ap patisipe nan NY Care Information Gateway pou yo pa ka jwenn aksè nan enfòmasyon swen sante elektwonik mwen yo grasa NY Care Information Gateway, se pou mwen ale nan wèbsayt NY Care Information Gateway la nan www.NYCIG.org oswa rele NY Care Information Gateway nan 718-334-5844.

Yo reponn kesyon mwen te genyen konsènan fòm sa a epi yo te remèt mwen yon kopi fòm la.

Siyati Pasyan an oswa Reprèzantan jiridik Pasyan an	Dat
Ekri avèk majiskil Non Reprèzantan jiridik la (si genyen)	Ki relasyon Reprèzantan jiridik lan genyen avèk Pasyan an (si genyen)

Detay sou enfòmasyon yo jwenn atravè NY Care Information Gateway ak pwosedi pou konsantman an:

- Kijan yo ka itilize enfòmasyon ou.** Yo pral itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou **sèlman** pou sèvis swen sante swivan yo:
 - **Sèvis tretman.** Ba w tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman medikal.
 - **Verifikasyon sou Elijibilite pou Asirans.** Tcheke pou wè si ou gen asirans medikal e pou konnen kisa li kouvri.
 - **Aktivite Administrasyon Swen.** Ladan yo gen asistans yo ba ou pou ou kapab jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis ou resevwa, kowòdone divès sèvis swen sante w ap resevwa oubyen ede ou swiv yon plan swen sante.
 - **Aktivite sou Amelyorasyon Kalite.** Evalue epi amelyore kalite swen medikal oumenm ak tout pasyan ap resevwa.
- Ki kalite Enfòmasyon sou ou ki Enkli.** Si ou bay konsantman w, Founisè Swen Sante a(yo) ak/oswa Plan Sante a(yo) ki liste yo ka gen aksè nan TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante w ki disponib atravè NY Care Information Gateway. Sa gen ladann enfòmasyon yo te kreye anvan ak enfòmasyon yo te kreye apre dat yo siyen fòm sa a. Dosye sou sante ou ka gen ladann maladi oswa blesi ou te genyen depi anvan (tankou dyabèt oswa yon zo kase), rezilta tès (tankou radyografi oswa tès san), ak lis medikaman ou pran. Enfòmasyon sa a ka gen ladann kondisyon sante ki sansib, ikonpri bagay sa yo, men se pa sa sèlman:
 - Pwoblèm abi alkòl oswa dwòg
 - Planin ak avòtman (plannin familyal)
 - Maladi oswa tès jenetik (moun erite)
 - VIH/SIDA
 - Kondisyon sante mantal
 - Maladi yo transmèt nan fè sèks

Si ou te resevwa swen pou abi dwòg owa alkòl, dosye ou an gendwa gen enfòmasyon ladan ki gen pou wè ak dyagnostik abi alkòl oswa dwòg, medikaman ak dozaj, tès laboratwa, istwa itilizasyon sibstans tankou dwòg ak alkòl, chak fwa yo egzeyate w lopital, anplwa, sityasyon kote w ap abite an ak sipò sosyal epi istwa reklamasyon asirans sante ou yo.
- Ki kote Enfòmasyon Sante ou yo Soti.** Enfòmasyon sou ou soti nan kote ki ba w swen medikal oswa asirans medikal. Pami yo, ka genyen lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, asirè medikal, pwogram Medicaid, ak lòt òganizasyon ki pataje enfòmasyon sou sante elektwonikman. W ap jwenn yon lis konplè e ki ajou nan NY Care Information Gateway. Ou ka jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè ou tcheke sou wèbsayt NY Care Information Gateway a nan www.NYCIG.org oswa lè ou rele nan 718-334-5844.
- Kimoun ki gendwa jwenn Aksè nan Enfòmasyon sou Ou, Si Ou Bay Konsantman Ou.** Se sèl doktè ak lòt manm estaf yo nan Òganizasyon an(yo) ou te bay konsantman w pou yo gen aksè ki egzekite aktivite ki otorize nan fòm sa a jan nou dekri l nan paragraf 1 pi wo a.
- Aksè Òganizasyon Sante Piblik ak Don dògann.** Lalwa otorize ajans sante piblik federal, Eta a oswa lokal ak sèten òganizasyon don dògann jwenn pou yo chèche jwenn aksè nan enfòmasyon sante sa pasyan an pa bezwen bay konsantman li pou sèten objektif sante piblik ak transplantasyon dògann. Antite sa yo gen dwa jwenn aksè nan enfòmasyon ou yo grasa NY Care Information Gateway pou objektif sa yo san yo pa bezwen verifiye si ou te bay oswa si ou te refize bay konsantman ou, oswa si ou te ranpli yon fòm konsantman.
- Sanksyon poutèt Aksè an Pa Kòrèk oswa Itilizasyon Enfòmasyon ou yo Pa Otorize.** Gen sanksyon pou aksè oswa itilizasyon enfòmasyon sante elektwonik ou yo ki pa otorize. Si a nenpòt moman ou sispèk yon moun ki pat dwe wè oswa ki pat dwe gen aksè nan enfòmasyon w yo fè sa, rele Founisè Swen Sante a; oswa vizite wèbsayt NY Care Information Gateway a nan: www.NYCIG.org; oswa rele Depatman Sante Eta Nouyòk nan 518-474-4987; oswa swiv pwosesis pou pote plent Biwo Dwa Civil federal la nan lyen ki annapre a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>.
- Revelasyon Enfòmasyon yo yon lòt fwa.** Kèlkeswa òganizasyon ou bay konsantman w pou yo gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou, òganizasyon sa a ka revele enfòmasyon sou sante w yon lòt fwa, men sèlman depi lalwa federal ak leta avèk règleman yo pèmèt sa. Yo gen dwa chèche jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou wè ak alkòl/dwòg oswa enfòmasyon VIH konfidansyèl epi yo gendwa revele yo yon lòt fwa si yo prezante deklarasyon obligatwa konsènan entèdiksyon revelasyon yon lòt fwa.
- Peryòd Efektif la.** Fòm Konsantman sila ap rete efektif jouk nan jou ou chanje chwa pou konsantman w lan oswa jiskaske NY Care Information Gateway sispann fonksyone (**oswa jiska 50 lane apre lanmò w, toudepannde sa ki rive anvan**). Si NY Care Information Gateway fizyone ak yon lòt Antite ki Kalifye enfòmasyon swen sante, chwa konsantman ou ap kontinye aplike pou nouvo antite ki fizyone a.
- Chanje Chwa Konsantman ou.** Ou ka chanje chwa konsantman ou nenpòt lè e pou nenpòt Founisè Swen Sante oswa Plan Sante lè ou soumèt yon nouvo Fòm Konsantman avèk nouvo chwa w la(yo). Òganizasyon ki gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou atravè NY Care Information Gateway pandan konsantman w lan efektif ka kopye oswa enkli enfòmasyon w lan nan pwòp dosye medikal pa yo. Menmsi ou deside apresya pou chanje desizyon sou konsantman w lan, yo pa oblije remèt enfòmasyon ou yo oswa retire yo nan dosye pa yo.
- Kopi Fòm lan.** Ou gen dwa jwenn yon kopi Fòm Konsantman sa a.